

Nahjul Xadaail Haaji - Wolof

Maa ngi Tàmbali samay wax ak jëf ci turu Yàlla miy kiy boroom yérmande ju yaa ji ci adduna ak ju ñu jaglele ji ca allaaxiraa.

Yal na Yàlla dolli xéewal ak mucc ci suñu sang Muhammad ak ci ñoñam aki saabaam ci anam gu sax

Yàlla doy na ñu, moom de wéeruwaay wu baax la (wu mat a wéer say mbir, joyal ko ko).

Jëf yaa ngi ci yéene yi, ku nekk it la nga yéeneey sag pay

Bokk na ci **hikam** (sagesse) :

ku sàkku mbir de bu ca saxee am ko. Ku fëgg bunt it boo fa saxee ubbilees la

Bokk na ci hikma bat ay:

ku tèyye boppam wëlfif neen yi (caaxaan yi) limees ko mu bokk ci boroom xel yi.

Bokk na ci ba leegi:

ku dul merloo boppam du begloo boroomam.

Bokk na ci ba tay :

ku def la ko soob dajeek la ko naqari.

Bokk na ci:

ku taqook jiyaar ak bakkanam, texe fa biir bàmmeelam .

Bokk na ci :

ku topp Yonnant bi, am gën ji la mu ñaan.

Am ku jël maanaa yii yépp boole leen ci wenn bayit :

(képp ku woor wëlfif caaxaan yi () danga dogi ciy ngënénéel

1 Taalif wi

Taalif wii nag lu ñu barkeel la ci njëlbéen gi ba ca dayo ba.

Moom nag (ki waxoon bayit wu njëkk wi) –yal nañu ko dolli ag bëbb (xéewal) – am na ba tay weneen bayit wu yor maanaa mii, mu ciy nos (woy) maanaam waxi sëriñam ji, wax jooju mooy jii :

(nguurug neen waxtu rekk la, nguurug dëgg nag day wey ba yawmal-xiyaam)

Woy waa ngii :

(dëgg day sax , neen nag bu kawe woon it day mujj naaxsaay, mujj suufe)

Maa ngi Tàmbali samay wax ak jëf ci turu Yàlla miy kiy boroom yërmande ju yaa ji ci adduna ak ju ñu jagleele ji ca allaaxiraa

2 Ubbite gi

- Kii di doomi sëriñam ji dul sant ci boppam lu dul turam (wu tedd wa) Muhammad,
- Kii de mi ngi sant Yàlla (t.m) mi suturaal ay ayibam te taxawu ko te dimbali ko.

Tudd naa sellam ga moom de boroom bu tedd la bob may na ma lu waral ma koy sant.

Moom de mooy ki def ay teggiin yu raf muy luy làq ag réer ak judd bu naaw (bonu askan).

Mooy ki jagleel boroom xam-xam yeek teggiin, mooy ki léen jagleel ab yool akug jam-jub (def la jub).

Xéewal ak mucc gu kawe nañu sottiku ca ka yéegoon ca Alburaax (Yonnant bi).

Kooku mooy suñu sang biy woote jëme ci aji bind ji (ki sàkk mbindeef yi), defe ko nag ci gën jaa rafeti teggiin yi .

Kooku mooy Muhammad ak ñoñam ñi di woroomug raw ak saabaam yi làq ngënénéelul Aji des ji (Yàlla mi fi dul jug)

Ñoom saaba yooyu de saxaloon nañu ag laa-biire ci lu dul ñaayoo , ndaxte dañoo toroxaloon seeni bakkan ba far léen moom.

Sànkoon nañu seeni alal cig joxe ci lu dul ngistal mbaa naafeq.

Ñu sukkandiku woon ci Aji jariñ (Yàlla) jiy Aji wërségale, ngir ag wakkiirlu ci moom ci mbooleem wërség yi.

Ñoom de dañoo boyoon jëm alaaxlenniraa ngir ne dañoo fase woon wujj wa (adduna).

Masuñoo bàyyi lenn ndigal lu juge ci Aji settantal ji (kiy def mbir yi di Yalla) kiy Aji bind ji.

Ñoom de - ci saffanub ñuy bàyyi ndigal yi - dañu ciy sax ànd ceek bànnex, ndaxte koomum ja yi du tax ñu koy fàtte (alal ji ñuy jële ci marse yi duñu tax ñuy fàtte ndigali suñu boroom yi) .

Wuññi woon nañu lëndëm-lëndëmi gox yi ci xam-xam ak jëf ak dëppoo.

Ndaw ñu di sang yu ñaw ! ñoom de la neexoon ca cafka ga jël nanu ko.

Yal na ngérém - lol di naa ci dajeek èlég ka làq cang gu joyu ga – sottiku ci seen kaw .

Kooka mooy Muhammad, yal na ko Aji des ji sotti ay xéewal ak mucc mook ñoñam ak saabaam yi di ay ndab (yuy duy xam-xam aki xeewal aki hikam)

3 Li waral xasida gi

- Man dey tay damaa ñew ngir wuyu lenn ci murit yi di woroomi tuub (ñiy tuub ak a jéggalu seen boroom).

Ñoom de dañoo sàkku woon ñu defal leen woy wuy jàngale ay teggiin, ngir ñu sàkkoo ciy teggiin, te loolu wartéef la .

Ndax kat képp ku bëgg a topp Yonnant bi te tegoo ko ciy teggiin dees na ko xañ ag texe akug jariñu Moom teggiin de - ci àdduna ak allaaxiraa – mooy gën ji ndàmb tey gën ji lu ku tidd di tedde Ndaxte mooy leeral ab xol tey jegeele àjana.Dina waral say dëkkandoo di la tagg te dina sooreel it sawara.

Ma daal di jug (ngir sàkku gi ñu ko sàkku woon ci man) gaawantu, tontu léen, di ci sàkku nag ab yool ak ngérém.

Moom nag du lu dul jël la Waliya wa tudloon Dal-Haaji wesaroon (manaam la mu bindoon te woyu ko,maanaam defu ko woon ay bayit) def ko ay woy, di ñaan ci def gi Yàlla fajal ma samay aajo

4 Lu tax ma taamu ko ?

- Ndax dafa boole – ba noppo gàttal ko – li èpp ci li taalifikat yu njékk ya bindoon cig tàqale.

Lépp loo gis mu néew te doy moo gën lu bari te sonle.

Def naa ko nag woy wu ami njariñ, ci baaxug Yàlla mi dige (ci Alquraan) ne dana aar (ñi gëm) Ndax Yàlla may ma ci ngérém ak kuulute ak njéggal ca bisub njàqare ba.

Kon kat yéen sàkkukati xam-xam yi maa ngi leen di dénk te dellu di léen dénk te di leen xiirtal ci tontu bii (téere Nahju bii) Ndax kat yor na ci ay jikko aki teggiin lol (bu ngeen ci ténkoo) dina leen wommat jéme leen ca jub ga

Ay gindée ngi ci aki jariñ yoy boroomug nammeel (ab murit) du ci yoqat mukk Kuy door a dal ak kaanj-fóoree yam ciy njariñam , aw yiwan it du jeex mukk.

Ndaxte ni ñuy àgge ci gën jaa rafeti jikko yi mi ngi ci ak ca (lu baax) la ñuy mébët. Maa ngi ko tudde:

Nahju QadaaAl Haaji) ci góob mbayum suñu sériñ bii di Dal-Haaj.

Maa ngi ñaan Yàlla mu nangu ko ca baaxam ga te àggale liggéey bi. Di ko ñaan it mu mel ne turam wi, ba ki koy jàng ay mbiram man cee yévéne ngir mu texe Te mu musal ma ci ngistal ak aaw (naw sa jëf) ci barkeb Yonnant biy boroom Liwaaul Hamdi Ak yu dul ñoom ñaar ci caay-caay yi (bon-bon yi) te mu may ma ay ngënéel Te mu musal ma (t.s) ba fàwwu ci ayuw ibliis mii nga xam ne dafa féttéerlu .

Te mu musal ma ci ayu li mu bind ci suuf si, ak li mu bind ci asamaan si ak li nekk ci seen diggante ñoom ñaar Te mu may ma ma topp ci sunnas Yonnant bi (j.m) miy gën ji mbindéef , miy ku ñu ramuloo, miy ku ñu topp

Ginnaaw bi mu jullee ci moom te sëlmél ci, ak ñoñam aki saabaam ci anam gu dul dog.

Fii nag mooy fi tarjumaani téere bi yam, kon leegi nanu jublu ci (indil leen) teggiin yi.

5 ndoorte li

- Ngir woy (nos) lii di wesaru Seex Ahmadu - mii di ku géeju ci xam-xam – maa ngi naan :

Yeen mbooleem way sàkku yi xam-xam déglu leen sama laabiire gii di léen tàqaleek ag texeedi Mu di laabiire gog dañu leen koo jëme ngir jëmmi Yàlla rekk, muy yee nag jépp aji xellu ak ku jamuj(fàtte) :

Yoonu teggiin de mooy yërëm nadw, ni ko baayam di yërëme ak ndayam te weg mag ak def sa moroom ni sa bopp ngir jëmmi Yàlla mi nekk ca aras (toogu ba'')

saraab aji taalif ji : Yoonu teggiin mooy nga yërëm ndaw mel ci moom ni baayam ba ko jur te am lool ci moom yërmande, te mel ci ne ndayam ju am ja ag ñeewant, nga weg it mag ak doonte da di ab jaam bu bawoo Abasa (Ecopi) , te nga yamale sa bopp ak sa moroom ngir jëmmi Yàlla kepp.

Xamal ni teggiin de mooy taarub boroom xam-xam ak ku koy sàkku, mooy it takkaayi aji xellu ak ku lewet, mooy njobbaxtalu jikko yi, ku ko takkaayoowul yoquéel na (ñàkk na ay takkaay)te neenal, dana mujj di ku ki bind bañ ak ñi mu bind (Yàlla aki mbindéefam) képp ku ko gis bañ ko te sànj ko (mere ko), kepp ku toog ak moom am ci moom ag yoqat akug doyal.

Bokk na ciy teggiin ngay laabiire koo gis ca la nga gis ne ag jubam a nga ca, te ngay bañ a yayale sa bopp jenn àq ci kenn, te nga jort it ne yayoowoo ci kenn mu lay màggal (ci lenn).

Loolu nag mooy li mu junj ci waxam jii :

6 Nangay yërëm gone

Nangay yërëm gone, (rikk) bu ko nëbbal benn yoon genn laabiire gu aw yiwan nekk. Deel weg mag ak doonte da di ku doyadi te xeebu. Bokk na ci ay teggiin nga bañ a jort ne yayoo nga jenn àq ci kenn ku mu man a doon . Te nga bañ a séentu genn maggall (mbaa wormaal) mu juge ci kenn (kok man nay mer sax ci màggal gi mu lay màggal).

Yaw daal jortal ne teggiin yepp ci yaw la war a bawoo, bu leen séentu mukk ci say àndandoo. Àndal ak nit ñi ni nga bëgge ñu ànde ko ak yaw.

Saraab aji taalif ji :

Li mu namm a wax mooy : bokk na ci teggiin yu rafet nga jort ne ay teggiin moom ci yaw rekk la war a juge, te nga bañ di ko séentu ci ku dul yaw. Te ngay ànd ak nit ñi (ci jikko yu baax yi nga bëgg ñu ànde kook yaw) (boo ko deful it jikko yoo ànde ak ñoom ci yu bon séentu ko ci ñoom, nit ñi daal ni nga mel ak ñoom rekk lañuy mel ak yaw).

Nangay sàmmoontek aqi (Yàlla) - boroom màgg giy boroom kàttan gi - ci ñoom ngir jëmmam ja (moom Yàlla) ni waxy woykat ba :

Mu bëgg a wax rekk ne bokk na ci teggiin yu rafet ngay sammoonte ci mbindéef yi àqi ki leen bind(t.s) ci di àndeek ñoom ni ko woykat bi waxe ca qasidaam ga yor bahru basiit: **Yaw mbokk mi nangay am yérmande ci mbooleem mbindéef yi, nanga léen di xoole bëtub ñeewant ak yérmande**

Nangay weg mag di yérém gone, tey sammoontek àqi aji bind ji ci mépp mbindéef. Am na addiis bu naan : **sama xeet wi de du dañ di nekk ciw yiw li féek ku ndaw a ngi ciy weg mag, mag di ci yérém gone.**

Kon rikk nanga di roy ci gindig Imaam yi (y.y.g)kon de di nga gindiku

Bul di toogandoock ku la mag ci lu dul lu manul a ñàkk(loola mooy lu mel ne) : ngay jàng (ci moom) walla nga dëkk (ak moom) walla nga bokk ak moom di lekk, bul toogandoock moom cib lal it

Saa su (Yàlla defee nga toogandoock moo) nanga ko def cig wegeel akug dal akug xeebu Akug watandiku, te bul di tafu ci kawam, bul toog it ci kanamam

Yaw mbokk mi (rikk) bu ko tàllal sab tànk boo toogee ci moom, te deel damm sab gis wëlf ko (maanaam bul ko di faral di xool rekk

7 Saraa :

Mu bëgg a wax ne : bokk na ci teggiin yu rafet nga bàn a toogandoock ku la mag ci lu dul lu manul a ñàkk, ngir jàng mbaa dëkk ak moom walla di lekkandoock moom añs. Boo toogeek moom it nanga ko def cig wegeel akug dal akug xeebu ak wattandiku. Bul di ko ñóoxu mbaa nga koy tàllal ab tànk, bu ko di ja tam, bul di baril di gëstu ci lu dul aajo, ndax loolu ci mändargay ag ndof la, Yàlla nee na (t.s) : ((neel jullit ñi ñu dam seenub gis . loolu moom lay junj ci waxam jii di ñëw :

Bul di baril looy geestu fu nekk, te dara ñoru la ci geestu gi. Ndax loolu kat mändargam ndof la, te (boo demee) ci téereb Yàlla bi (di nga fa gis) : ((**neel jullit ñi**) Deel topp ndigali boroom mbindéef yi, ndax kat nekk na ci addiis : waay de (sànkoo na ci bennub xool rekk) Ab woykat de waxoon na bu yàgg ne : (booy def loo gis xool ko danga ci mas a am bis) kon bul di wëndéel sab gis . Saraa : Mu namm a wax rekk : war na la nga topp li la sa boroom digal muy damm sab gis. Ndax Addiis bi nee na : waay de dana xool benn xool bob xolam dina ci yàqoo nib der di yàqoo ca sébej ga , du ca jariñu mukk. Woykat ba nee na : (yaw de boo sànnée sab gis ngir sa bànnexub xol, bis dina ñëw bob li ngay gis dina la sonal (danga gis lol doo man léppam (doo man a am lépp) te doo man a muñ rekk ca lenn la (doo man a Yam rekk ca xool ba. Doo ko man a am te doo ko man a muñ, bu ko defee ngay sonn ci loo dul am, te boo ko gisutoon doo ko yittewoo) Keneen it ne: (jàmbaar du mooy kiy aar ay gawaram ca bisub jamante ba, bu xare ba tàkkée) (waaye ka damm ab gisam mbaa mu lem ab tànk wëlf ay moy kooku ci jëmmam mooy gawar dëgg bay jàmbaar) Bul di baril am po, bul di ree lu bari, mbaa ngay baril looy yëngatu ak a defi neen Bul di baj-baji mbaa ngay jéem a yëddu lu nëbbu lu mu man a doon Loolu de mändargam tóoy la ak woyofum xel ci ku ko baaxoo

Boo jekkee nanga dalal say cér, nangay taqook ag noppi ànd ak dëddu (ci lug dëddu war) kon de nga jariñu Deel muñ ag ñàññ te bu ci tontu kenn, te mel ni na boroom njàngat la (adiib) waxoon : wallaay damay romb waa ji mu may xas may jellale naan kii de xam naa ne waxuma Ndax kat xasante ak weddeente bokk nañu ci jikko yi gën a bon niki dóorante. Bariy ree daay ray ab xol, kon rikk néewalal ree yi, ndax nga gérëmloo Boroom bi

8 Saraa:

Maanaam bokk na ci teggiin yu rafet nga bañ a barili ree, po, ag neen, ag baj-bajeek yëngatu ak a jéem a yëddu lu nëbbu, loolu de ci mändargam tóoy la bokk, ak gàttum xel, nangay faral a dal boo jekkee (boo toogee) cib jataay tey faral a noppi, ba ñu laaj la, bu boobaa nga tontu ci kàddu gu suufe, walla nga soxlaa laaj dara, bu boobaa nga def ko te yam ca sa soxla rekk, bu ca dolli dara, ndax kat noppi noflaay a ngi ci ak sutura niki ñu ko waxe: (nëbbal ayib yi kem li nga man cig noppi, ndax kat ab noflaay a ngi ci noppi ñeel aji noppi ji) (defal sab tontu boo lottee muy “noppi”, bari na wax joj tontu baa nga ca ag noppi) Bokk na ci Hikma: Bu wax doon xaalis noppi di wurus, bu la nit réeree (def la ag ñàkke-teggiin) Jéllale ko taqoo noppi, ni ko Yàlla waxe: ((Jéllaleel ñeel ñi réere)) ((bu ñi réer waxee ak ñoom nu tontu lén ci luy waral jàmm)) Ni ko woykat bi waxe: (Amaa na ma romb ku soxat ki (ku yaradiku ki) mu may ñàññ, bu ko defee ma fegu te naan kii daal waxut ak man) ñàññante ak weddeente bokk nanu ci jikko yi gën a ñaaw, yi gën a bon, ree ju bari day ray ab xol. Boo bëggee am sa ngérëmul boroom, néewalali ree, Yàlla ci jëmmam (t.s) moo ne : ((nañuy ree lu néew)) Boo toogee ak ku la mag booy ree nangay yam ci muuñ Booy wax ak moom it bul bayliku (ëppal ci wax ji) ndax loolu du lu rafet Noppil ba nga gis mu bëgg a wax ak yaw, bu boobaa yamal ca la mu soxla ci yaw Loolu kat moo di ay teggiin, kon jëfe ko cig wàllam Bu la béccingalee , muñal béccingalam yooyu, bu defee lu jaaduwul suturaal ko Bul dañ di ko jéggalu, te bu ko di mere it Bu koy faral di ja (jëmale ko say gët , samp ko ko rekk) ci waxtu wu nekk

9 Saraa:

Bokk na ci teggiin yu rafet nga bañ di ree ci jataayub ku la mag ndare muuñ, nga bañ di wax ak moom cig bayliku, maanaam èppal ci wax ji, lu ñor nga wax ak lu ñorul, moom daal nanga yam ci li mu soxla ci yaw, bu boobaa doxal nga ay teggiin ci moom. Bu la defee lu jaaduwul jéggal ko, te di ko jéggalu, bul ko di faral di xool xool bu metti, ndax loolu duy teggiin Boo bëggee juge ca jataay ba, nanga ko defe cig tèyyewu (tèyye sa bopp ba suuf du jug pënd du jeqiku) Bu lén xëpp suuf si ci seeni kanam ndax loolu wuute na ak ag jub Boo ko manee bul di nelaw ci biiru nit ñu nelawul Ndax kat loolu duy teggiin, ngir ne am na lu ci nekk lu man a waral ag yeddeel (kuy nelaw man ngaa ngelawal te doo ko yëg)

10 Saraa:

Bokk na ci teggiin yu rafet nga bañ a jeqi pënd boo toogee ci jataay bay jug, boo nammee jug , def ko ci ag dal akug tèyyewu, te bul jaar ci kanamu way jekki yi. Bokk na ci ay teggiin nga bañ di nelaw ci digg ay way yewwu boo ko manee, ndax amaa na ngelaw génn ci yaw te doo ko yëg, ndax bët ay saañu ag suuf(bën-bënu aw taat)

Nanga xam ne fuqale bokk na ci liy waral gàcca ak yeddeel Képp ku aj yitteem ci lekk ak séy na xam ne boole na lépp luy toroxte Lekk dee ci jël lu lay dëgëral ba nga man a jaamu sa boroom te yam ca Deel wattandiku jamono ju nekk fuqale ndaxte mooy cëslaayu wépp ay Saraa: Bokk na ci ay teggiin ñàkk a fuqale ak ñàkk a aj sa yitte jépp ciw ñam , loolu de cig suufe la te day waral ag ñàññ Woykat ba nee na: (yaw de foo fi joxe sa biir li mu la laaj ak sa pëy , di nanu àgg fa mbooleem toroxte ya yam) Sab loxo nanga ko tëyye, bul ci di baril am po, ndax loolu de ayib la Bul jottaliku mukk lol làqul njariñ lu la man a jegeel sa boroom

11 Saraa

Bokk na ciy teggiin :tëyye sa loxo ak bàyyi di ci fo ak bàyyi di ci jefandikoo lu njarin nekkul, loolu de bokk na ci li woroom xel yi ayibal, te ci la musiba yi tase. Saa soo déggee ku la mag mu soxla dara Niki mu bëggoon ku mu yonni, rikk demal doxal ko yonneem boobu ngir jëmmi Yàlla Bu kenn soxla ci yaw dara bu danga koo defal loolu mu soxla ci yaw, boo dee def noonu de danga am teraanga Rikk bul di wax kenn fen nga, walla wax nga lu dul dëgg, walla juum nga Walla jeneen wax ju man a merloo ak doonte ki nga koy wax gone la, di ko waxe de ag njuumte la Bu waxee loo xamul nee ko dëggal nga, kon dees na la teral Nee ko daal man de tegoon naa ko neneen, walla leneen laa jortoon, walla réere woon naa ko Ak yeneen baat yi walla waxiin yi man a bégale, loolu de boo ko defee def nga lu rafet, bul ñaawal te bul lore Deel tàmbal saw làmmiñ wax lu baax, kon de dinga ci ame ag texe te dees na la ci fegale wépp ay Ngir waxi sangub mbindéef yi (ku nekk na....) yal na ko Yàlla dolli ay xéewal ci anam gu sax (ku nekk na....) : (ku nekk na di gëm Yàlla walla bis bu mujj ba, nay wax aw yiw mbaa mu noppi)

12 Saraa

Bokk na ci teggiin yu rafet nga saxoo di faj aajoy ku la mag boo ko déggee mu koy sàkku, niki mu soxla woon ku mu yonni Bokk na ciy teggiin ba tay nga bañ di gàntul kenn loo man lu mu soxla ci yaw, te bañ di wax kenn (fen nga) mbaa (li nga wax du dëgg) mbaa baat bu ko man a merloo ak doonte yaa ko mag, bu waxee loo xamul dëggal ko te ne ko (man de nekkuma woon foofu) walla (jortoon naa ne) walla (xamewuma ko woon noonu) ak yu ni mel ci waxiin yu rafet Nangay tàmmal saw làmmiñ wax ju rafet . Yonnant bi (j.m) nee na : (ku gëm Yàlla walla bis bu mujj ba, nay wax aw yiw mbaa mu noppi) kenn ci woykat yi nee na :(tàmmal saw làmmiñ wax ju baax, kon de danga ca ame ab cér)(làmmy de li nga ko tàmmal rekk lay tàmm)(lu mu man a doon la nga ko ca miinal rekk lay def)(moo xam lu baax la mbaa lu bon, deel xool nooy dollikoo) Sab dox na ko aajo di waral ci lu dul ag rëy, ag rëy de ci mbugal lay bijee jëme Bul di ree mukk ci lu dul lu yéeme, bul dox mukk it ci lu dul aajo Bul gestu tam te sàkkuweesu ko, ndax yii yépp ag ndofe la gog dàqoo na'aki teggiin Sa tubay it bul ko di wuññi mukk, ndax loolu ci bàyyi ay teggiin la bokk Moom de ci jikkoy kàccoor yi diy saay-saay te bokk ci giirug Hassaan la bokk, ñoom ñi dëddu lu baax Nangay moytoo wuññi sa biir ak li nekk ci diggante jumbux bi ba ci bëti-woom yi, (ngir bon gi mu bon) Loolu de màndargam réer la ak ndofe ak néewug mbañ-rus gu màgg gi Ndax moom (mbañ-rus) mooy dàttub diine, fu mu nekkul diine nekku fa , loolu de la (jàngalekat yu mag ya) saxal Koo agsi ci moom nanga ko nuyyu, bu fekkee ne soxla nga ay teggiin Bu fekkee ne moo la njëkk a nuyyu nanga ko fay ci kàddu Boo saafoontek moom (boo nuyoontek moom) nanga dëgëral sa

loxol ndijoor ci ndijooram, loolu mooy li nu rafetlu Bul rocci sa loxo li feek njékk la koo rocci moom ci anam gu fés Ndaxte de sibees na fëkk ay loxo ci nuyyoo ci anam gu gaaw ak bàyyi wax ja Saafoonte ci ñaari loxo it bokk na ci ay teggiin, niki ñaar yi nu la waxoon leegi Ñaanalal ki ngay nuyyool yaw boroom xel mi, ndax loolu de bokk na ci liy fari bakkhaar Boo bëggée dugg ci kér (walla néegub) jàmbur nanga yëglu, kon de nga am la gën Bu ñu la digalee nga dugg nga dugg, bu dul loolu dellul Sab bët bul ko di wëndéel ci néegub jàmbur (mbaa këram) ngir ragal gis fa awra joj bëggunu woon nga gis ko

13 Saraa

Bokk na ciy teggiin booy jug aajo rekk di la yekkati, bokk na ci ag ndofe ngay ree te lu reeloo nekku fi, mbaa ngay dox ci lu dul aajo, mbaa ngay gestu te yittewoowoo ko, bokk na ci ay teggiin ngay moytoo wuñni say sér, loolu de ci jikkoy kàccoori Hassaan yi la, bul di feeñal lenn ci sa biir mbaa li nekk ci sa diggante jumux ba ci say wóom, loolu de ci réer la ak ñàkk kersa te kersa mooy dàttub diine tey laylaat gi mu tege, fu kersa ñàkke diine jug fa. Bokk na ci ay teggiin ngay nuyyu képp koo dox ba àgg ci moom, te di ko fay bu la nuyyoo, te ngay saafoontek moom tey dëgëral sab loxo ci loxoom boo koy nuyyu, te nga bañ koo njékk a rocci sa loxo , fëkk loxo ci lu gaaw cib nuyyo de lu ñu sib la. Bokk na ci ay teggiin ngay saafoontek moom ci sa ñaari loxo yépp, te nga koy ñaanal lu baax ak sa bopp loolu bokk na ci liy far ay bakkhaar . bokk na ci ay teggiin ngay def booy dugg ci néegub jàmbur mbaa këram ngay yëglu bu ñu la nee jàllsil nga dugg, ndeem déet nga dëpp, rikk bul di sànni sab gis ci kér mbaa néeg boo moomul ngir nga bañ faa gis loo warul a gis. Boo bëggée kooy àndandool bu muy ku dese cim xel mbaa ku iñaan mbaa ku bariy xemmeemtéef Bu di toog ak ku dul ku lay dolli diine ak xel, kon de nga am càkkutéef la Ndax de xibaar nañu ne cam si de (waa ji) ma nga ca diiney xaritam ba, loolu ab adiis la bu ñu tuxal(waa ji de diine ji waayam yor rekk lay yor) Saraa: Da lay dénk nga bañ a àndandoock way dese yi cim xel te bañ di toog ak ku la dul dolli diine ak xel, ci loolu de ngay ame la nga bëgg, ndax waa ji de ni ab xaritam mel rekk lay mel, (wolof yi nee nañu won ma sa xarit ma wax la sa jikko) seyyidinaa Aliyun - karramal laahu wajhahuu – nee na:(Bul def mukk boroomug réer muy sab àndaale, moytu ko te moytu sa bopp)(bariwaan aji réer ju alag boroomug lewet (ku nite) ba mu ko defee mbokk) (nit de ca moroom ja lañu koy natt bu àndeek moom)(ni ñuy natte dàll ca moroom ja bu ñu dee ñaar) (mbir de am na ag niroo akug natt ca moroom ja)(xol de misaal la ca moroom ja) Am na ku ne :(boo nekke ciw nit nangay seet ña ca gën ngay ànd ak ñoom)(bul seet ña ca yées ngay ànd ak ñoom bay yées)(bul laaj waa ji, waaye laajal ab àndandoom)(Ndax ku nekk ca ka ngay àndal ngay roy) Bul sàkkoo gis mukk ab rëcc-rëcc (ci sa moroomu nit) bul gëstu itam ay awra (ay ñaawtéef)

14 Saraa

Mu ne : bokk na ciy teggiin ngay bañ di gëstu rëcc-rëcci nit ñi mbaa seeni ñaawtéef. Waxees na ne : (bul di sàkkoo xam la nit ña nëbb ci seeni ayib) (ndax kat loolu man naa waral Yàlla di muri mbalaan mi mu muuroon ci say ñaawtéef) (rikk nangay tudd lu baax la nekk ci ñoom bu nu léen tuddee) (bul ayibal kenn ci ñoom ndax kat loo léen wax man naa am yaa léen ko ëpp) Nanga mel ne na woykat ba waxoon: (dinaa bëgg jikko yu rafet yi sama kem kàttan) (tey bañ di ayibale ak ñu may ayibal) (may jéggal ñàññug nit ñi ngir ag lewet) (ndax ki yées ci nit ñi mooy ki

sopp ag njàññante) (ku weg nit ñi wegees ko) (ku xeeb nit ñi deesu ko weg) Ka wax lii de wax na wax ju rafet: (boo bëggee dund sa diine mucc) (sa wërsëg lëw (bari) sab der ñionj) ((boo bëggee loolu) sa làmmiñ bu ci tudd mukk ayibi nit) (ndax kat yaw it am nga ay ayib, nit ñi ami làmmiñ) (bu Yàlla dogalee say gët rot ci ayibi nit, nee leen :) (ee yéen gët yi bu léen xool de, ndax nit ñi ñoom it am nañu ay gët)

Xamal ne wuute ab dëel (faußer rendez_vous, dige te defoo ko) ak fen bokk nañu ci gakk_gakk wax, dee leen teet (moytu)

Nekk na ci Adiisub kii nga xam ne maa ngi sàkku sellug ay julleeki sëlmal yuy sottiku ci moom aki ñoñam aki saabaam, yi diy ndëerlaay:

(Dénk naa leen) adiis ba:nekkal di kuy wax dëgg, teetal fen ngir nga kawe

Saraa:

mu jubloo wax ne mi ngi lay dénk nga bañ a fen, bañ a wuuteb dëel, te di leen ko tere, ngir ne ñooy gakk_gakk wax, Yonnant bi (j.m) nee na: ((Dénk naa leen dëgg, ndax mooy yobboo cig mbaax, teg mbax mooy yobboo àjjana, waa ji bu saxee di dëggal te di ko sàkku, bu yàggee bindees ko fa Yàlla muy ku dëgg, moytuloo naa leen fen, ndax day yobboo cig mbon teg mbon mooy bijje jëme sawara, waa ji bu dee fen te di ko sàkku, day mujj bindees ko mu dib fenkat fa Yàlla))

Fonkal sa ñaari way jur, te am yérmaande ci ñoom ak ñeewant, te deel gaaw ci seeni ndigal aki mbir

Deel ba mbooleem li ñu la tere, boo ko dee def de, sag kawe dina yokku

Képp ku la mag ci jegeñaale yi nanga ko weg

Ak ñu dul jegeñaale yi, rikk nanga nekk ak mbindéef yi ci jikko yu rafet, kon de aji Sàkke ji (Yàlla) dina la sopp

Nangay rafetal jikko yi cig yaatu-yaatulu, ak a sàkkoo sopplu ci ñoom (mbindéef yi) kon de soppees la

Nangay nooyal i wax ci nit ñépp, loolu de ci jikkoy way ñaw yi la bokk (ñu yewwu ñi)

Xibaarees na jële ca boroom ngënél la (Yonnant bi (j.m)): genn-wàllu xel mooy sopp-sopplu ci nit ñi (fexe ba nit ñi sopp la)

Bokk na ci texeg nit ki, xolub boroomug njub bañ koy bañ ak a foñ

Saraa:

Mu jubloo wax ne mi ngi lay digal nga fonk sa ñaar i way jur te ñeewant leen, di gaawantu ci def séeni ndigal, di bàyyi seen i tere , Yàlla mu kawe mi nee na: ((Nit dénk nanu ko lu baax ciy way juram (maanaam mu fonk leen))), ak yu

dul boobu ciy laaya, ak nga fonk ku la mag ci jegeñaaale yeek ñu leen moy, te ngay rafetal say jikko ci di leen mayug yaa, ak won cofeel ak a sàkku ñu sopp la, sàkkug cofeel ci nit ñi de mooy genn-wàllu xel, na la wóor ne bokk na ci texeg nit ki, xolub aji gëm di ko bëgg, deel nooyal say wax ñeel nit ñépp, ndaxte loolu kay ci jikkoy way yewwu yi la bokk.

Deel sàkku seenug ñaan foo tollu, deel barkeelu it ci ñoom, loolu de dina la yobbe ag kawe guy dolliku
 Måggal boroom xam-xam bu jëfe (xam-xam ba) mooy måggal boroom aras (toogu ba) ci lees tuxal (li nu jële ca Yonnant ba)

Foo àndeek ku la mag nanga sax ci di ko weg

Moo xam cib tukki la mbaa lu ko moy, deel not sa bakkan ci di bañ di toog ak moom ci kaw

Deel toog ci suuf, bul di toogaaleek moom cib lal ak doonte da la caa woo sax ngirug yaatal

Ndare muy lu manul a ñàkk, su leen ñam wi dikkalee mbaa naan gi yaw ngoor si

Bu ko ca jiite mukk, xaar ca ndigalam, loolooy jub ga

Deel seet la gën ca ñam wa it di ko ko jox ngir ag wormaal

Dee ko liggeeyal ci mbooleem li mu aajowoo, kon say aajo dees na la ko fajal

Saa soo àndeekuw nit cib tukki, dee leen dimbali ci mbooleem lu ñu soxla

Liggéeyal-leen te sàmmal-leen seeni waruwaay (seeni fas mbaa mbaam walla sax wata) yoral-leen seeni bagaas

Dimbali-leen ñoom ñépp loo ci man, jéggal-leen su ñu sàgganee

Neen ak noflaay jëmm ju bëgg a doon dara du leen taamu

Ndax kat aw yiw manul a bawoo ci ñoom ñaar, tew ay rekk a cay bawoo ñeel murit bi

Boroomug yayoo bu sàkkoo ci yaw dara, defal ko ko

Bul nay mukk ci poñat mii (alali àddina jii) ba loolu di waral sa gàcca ca (yalmal qiyaam) bis pénc

Boroomug nay ku sori Yàlla lay doon ak mbindéefam yépp foo ko fekk

Boroomug nay dees koy wommat jëme sawara, soril ko àjjana

safaan ba mooy aji tabe ja, ca lees wax, kon nekkal aji tabe ji, bul nekk mukk aji nay ji

Mu jubloo wax ne mi ngi lay digal nga siyaare boroom xam-xam yeek gaa ñu baax ñi, nga leen di liggeeyal ak a barkeelu ci ñoom, tey sàkku ci ñoom ñaan, ndax kat måggal boroom xam-xam mooy måggal Yàlla mu kawe mi. Saa soo àndateek ku la mag cib tukki, mbaa lu ko moy nanga ko bàyyee lal ba tey toog fa suuf, te bul bokk ak moom tédd mukk ndare ngir lu manul a ñàkk, bees leen indilee ñam mbaag naan, rikk bu ko ca jiitu, xaar ca ndigalam, dee ko bàyyee la gën ca ñam wa, te di ko liggeeyal ci lépp lu mu aajowoo.

Bu Yàlla dogalee nga ànd ak aw nit cib tukki, doonal seen mbindaan, sàmmal leen seeni waruwaay, yoral leen seen i bagaas kem li nga man.

Bul taamu mukk ab noflaay ak loxoy neen, aw yiw nekku ci de te kenn du jot teddnga ga ci lu dul ab coona niki lees ko waxe:

Cig farlu lees di jote kawe ga, ku bëgg ag kawe fog guddi yi (fog ñàkk a nelaw guddi)

Dangay sàkku ag teddnga ba noppì di nelaw guddi, na la wóor ne xemmemloo nga sa bakkan lu jomb (bëgg nga lu manul a nekk)

Mi ngi lay digal nga bañ a nay ci dara ci àdduna, ku nay kat ku sori Yàlla la, ku sori nit ñi la, ku sori àjjana la, ku jege sawara la. Safaan ba it mooy ku tabe ki, woykat ba nee na:

Bu fekkee alal wacc koo tax deesi dajale ko, kon lu tax cam si (nit ki) di nay ci lees di wacc

Teralal gan ya cig yaatal (dalal jàmm) ak ganale ak mbégteek jegeel

Rikk bu sa dënn(xol) xat mukk ci gan, ndax moom balaa yàgg mu laxas (mu dem)

Nekk na ca Adiisu Kees tånn ka (Yonnent bi)yal na Yàlla julli te sëlmal ci moom aki ñoñam ak képp ku ko topp:

(Ku gëm), aji wax it ne: (gan gi teral ko) ca bahrub kaamil ba (mu defe woy wa ci galan bu tudd kaamil)

Mu jubloo wax ne mi ngi lay digal nga teral gan, yaatal ko, te bañ a xat ngir moom, ndaxte balaa yàgg mu dem,

Yonnent bi (j.m) nee na: ((ku gëm Yàlla ak bis pénc ba, nay teral ganam). Ab woykat it def aw woy ci galanu kaamil:

(Gan gi teral ko, ab fanaanuwaayam yelleef la (lu mu moom la), rikk bul nekk rëbbum way wàcc yi (bul nekk ñàññ ak saagay gan yi)

Nanga xam ne gan de fàwwu mu nettali ñoñam fa mu fanaan, ak doonte laajeesu ko ko (wolof nee na: gan dees na ko xañ lépp ba mu des nettali).

Nanga ko gatandoo kanam gu nooy te yaa, waxees na ne moo gën ganale, moom la woykat biy feddali:

((Kanam gu nooy de moo gën ganale, kon de xanaa bu ko waa jiy def (ganale) ci kanam gu nooy dina yéeme?))

((Dinaa ree sama gan njëkk tuy wàcce ag raxlaam (njëkk tuy wàcc) bu ko defee mu naat fi man te booba barab bi bu bekkoor la))

((Duma wax mukk bu ma gan ganesee:jàllal sa kér soriwul))

Sunu kér de fu yaa la ca ka ko siyaare (ubbilees na ko gan gu fëgg gu nekk) ñook aji fëgg jee ci yam (ñook gan ñee ci yam)

Lépp lu fa nekk, lu dagan la ñeel ko, ndare la aji bind ji araamal

.....

Bul bàyyi benn bis am njàng, te nga jëfe ko cig jaamu Yàlla

Xam-xam day dundal xolub aji xamlu ji, day leeral xol tey dindi ngumba (gu xol)

Xamat ne rawanteg nit ñi ci xam-xam lay nekk ak diine, nanga dëkke muñ

Ci ñoom ñaar it la ku gën di gëne, du ci ag askanoo ci ku kawe

Ci wàllug askan, moo xam baay la mbaa nday, kon farlul ci ñoom ñaar ànd ceek i teggiin

Booy sàkku xam-xam dimbandikool Yàlla te sellal ci xol bu dal

Te ngay dëkke jàng nag, ak sàmm (sàmmoontEEK ndigal ak terey sunu boroom yi) Néewal i nelaw, néewalug regg

Saxal ci jàng ak nafar li nga jàng te bañ koy dëddook a ginnaawal

Nangay wuuteek bakan, ndaxte bakan li mu lay xiir du dara lu dul luy waral ag téj

Néewalal nelaw yi, tàggool ak tàyyeel, néewalal noflay, gàttalal mébat
 Xamal ne ku bañ a jàng cig ndawam, dina dajeek réccu
 Ndaxte képp ku gaawantuwl jém ca xam-xam ya (ku gaawantuwl jàngi) te féex ngir ñoom njëkk yitte ya
 Lu ci ëpp du am la mu ca yitthewoo, te du ca jot càkkutéefam
 Ndaxte taggees na njàngum gone ne mook bind ci doj a yam (bind ci simaa bu tooy, bu wowee du dañati)
 Ñu niroole nag njàngum mag ak bind ci ndox ni muy ñàkke jeexiit

.....

Mu jubloo wax ne mi ngi lay digal nga bañ a bàyyi jàng benn bis, ndaxte xam-xam mooy dundug xol tey dañug ngumba, di leerug bakan niki lees ko waxe:

Xam-xam day wuññi ngumba wëliif xolub boroom, ni weer di wuññee kériisug lëndëm ga
 Ci xam-xam la ay xol di dunde yoy masuñoo xam bu njëkk lam mooy tàqale gi am ci diggante dëgg ak fen
 Xam-xam ag leer la ñeel bakan, mu cay niite dëgg gi (di ci tegtaloo ngir xam li am) dafa mel ne leer ci bët
 Mi ngi lay xamal ne nit ñi seenug rawante ci xam-xam ak diine la nekk, te ci moom lees di göne, du ci askanoo ci baay mbaa nday, noonu la ko Seydinaa Aliu waxe (yal na Yàlla teral kanaman):
 Nit ñi boo leen dee natt ñoo yam seen baay Aadama la, seen nday Awa
 Boo dee ndamu ci askan wu tedd, nanga xam ne ci ndox ak ban la bawoo
 Ndam daal ñoñ xam-xam la ñeel, ndax ñoo gindee ñeel ki ko soxla
 Darajay cam si (nit ki) mooy la mu man (am ci ag xereñ), way réer yi (ñi amul xam-xam) ay noon lañu ñeel woroom xam-xam yi
 Wutal xam-xam, kon de dinga ci dunde ba fàww, ndax nit ñi way faatu lañu, te woroom xam-xam yi dunu faatu way dund lanu
 Mu lay xamal ne bokk na ci liy dimbalee ci xamlu te di ko yombal, ngay ragal Yàlla ci sab xam-xam, te di ko sàkku ngir moom, di néewal i nelaw, ak regg tey taqoo jàng niki lees ko waxe:
 Yaw aji xamlu ji gaawantul sàkkuji ag càmm (ragal Yàlla), te nga béccngal nelaw yi, tóng regg gi (merook regg gi)
 Jublul ci bind bi, bul tàggook moom, xam-xam ci jàng la taxawe te yekkatiku

Te fàww ngay jàng tey baril nafar di wuuteek bakan bi ci loolu, niki lees ko waxe:

Sama xarit bul di tàyyeel te bul di neenal bind bi (dee ko topp ak a nafar), te bul topp mukk sa bakkan cig neenalam (ci di ko ñàkk a defloo dara)
 Bul di bàyyi ag baamu (nafar) ca la nga jot a wattu (mokkal), ku bàyyee baamu (nafar) fàwwu mu fàtte (fëtt la mu mokkaloon)

Te ku gaawantuwl def am njàngam te def ci yitteem jépp cig ndawam, dina jafe mu am ca la mu ca nammoon, ndax jàng cig ndaw mook boyade ciw doj a yam (bind ci simoñ bu tooy), jàng cig mag nag mook bind ci ndox a yam (booy teggi sa loxo muy far), lenn ci woykat yi wax na ne:

Gis naa ne damay faral di fëtt li ma jàng bi may mag, te kat fàttewuma li ma jàng ba may gone
 Xam kon mooy jàng cig ngone, lewet nag di ga nga def-deflu cig mag (lewet fii: nite, xel, tegu ci yoon)
 Bees xaroon xol bees jàngal cig ndaw, dees fay fekk xam-xam muy lu mel ne lees boyaaade ciw doj (mu
 mel ne mbind mees def ci simonj bu tooy)

Boo bijjaawee ba noppi di jàng yaa ngi sonal sa bopp, rawati na bu xol bi sonnee ak dégg beek gis bi
 Nit daal ñaar rekk la, xel ak xellu (logique), ku lii raw ak lee, na xam ne alku na

Nanga xam ne xam-xam de lu jafe la, deesu ko ame ci lu dul tèyye sa bopp wëliif "dégg naa ak waxees
 na"

Du la may (moom xam-xam) lennam mukk li feek joxoo ko sa lépp, kon farlu ci.
 Jox ko sa lépp ci lu dul xëccoo, fogalal sag guddi (bul di nelaw guddi) te xiifal sa biir
 Deel maral sa bëcëg ci xam-xam, di ci sonal sa cér yépp ànd ceekug teggiinu

Ku ko sàkkoowul noonu du ca am lu am njariñ, noonu lees ko xibaare
 Xibaarees na it ne moom de ab foñaakon la (kuy daw di soree), ku dul cam su di ab muñkat du ko am
 Nangay sax cig toroxlu cig toroxal sa bopp, ca jamonoy xamlu ja, kon de danga am leerug xol
 Ab xamlukat bu rëyee, du am nammeelam
 Bayyil ag péexlu (noos) bul di toog mukk cib lal ca jamonoy jàng ja, ci lu dul aw tiis (ñàkk pexe)
 Nangay boole yitte ji jépp ci li ngay sàkku, ci lu dul gestu jém ci lu warul
 Bul di déglu nit ñi mbaa xëccoo yi ñu nekk
 Bul di yeexe am njàng, mbaa nga naan di naa ko defi bu ma féexee, soo bëgee dab gaa ñu baax ña
 Àdduna de am na yitte yuy teree àgg ca njub ga, te duñu jeex
 Dee de cig mbetteel lay ñëwe, te bariwaa na fu mu bóome boroomi soxla

Mu jubloo wax ne xam-xam de lu jafe la, deesu ko ame ci lu dul tèju wëliif ag jaxasoo, xamal ne du la jox
 mukk lennam ndare bu danga koo jox sa lépp, ku ci xiifalul biiram, fog guddeem, mar bëcëgam, sonali
 céram, du ca am lu am njariñ, ndax xam-xam ag leer la, ku dul aji muñ du ko am, woykat ba nee:
 Sàkkul te bul yoqat ci sàkku gi, gàkk-gàkkub aji sàkku ji xam-xam mooy yoqat
 Xanaa gisoo ne buum sax bu yàggee jaar ci pindub teen, bàyyi fay jeexiital
 Kuy jàng fàwwu muy toroxlu ak a suufeel boppam buy xamlu, lu ko moy du ca am nammeelam, war nay
 bàyyi ag noos, bu muy toog cib lal mukk ci waxtuw jàng, ndare bu loolu da di lu manul a ñàkk ba àgg ci
 lool, booleel sa yitte jépp booy jàng ca la ngay jàng, bul di gestu leneen lu ko moy, bul di déglu nit ñi
 mbaa la ñu nekk, mi ngi lay dénk it nga bañ di yeexe am njàng, naan danga koy bàyyi ba féex ci yitte yi,
 ndax yittey àdduna duñu jeex mukk

Kenn faju fi aajoom, aajo it fajuwu fi ndare bu jeneen daa juddu.

Yaw amaa na sax dee gi dikkal la, ba laa booba, ndax dee de mooy aji fàddu (ku fi nekkul) ji gën a jege, te buy ñëw cig mbette lay doon. Ginnaaw bi mu wax ci nees di tegginoo ak Seexul Murabbii (Sériñ biy jàngale) ak ki lay jàngal ak sa mbokk dëgg ak sa àndandoo dëgg, daal di ne:

Fig wegeel man a yam mooy nga weg sa sëriñ, def ko ab sang, may ko say xéewal

Fajal ko ay aajoom li feek yaa ngi dund, ci di ko jox, di ko liggéeyal li nga man

Mu jubloo wax ne mi ngi lay digal nga weg sab sëriñ, wormaal ko, fajal koy aajoom li nga man, te ngay teet reek kaf ak coow ci kanamam, boo jubloo defi teggiin

Boo toogee fa moom bul di baril ay gestu mbaa ngay yëngu fu nekk nga jëm fa

Bul di baril wax fa moom, nekkal di kuy noopi, loolu dina waral nga am ag jubalam

Bul ànd ak moom mukk lu dul cig màggal, bul roy mukk waa jamono jii (ci seenug ñàkk a màggal seeni sëriñ)

Bul def mukk ni ka àndoona ak Qudar, ndare bu daa manul a ñàkk (bul ko di laaj lu mu def lu nekk, nga ne ko loo ci jublu)

Deel def li mu la digal, ak doonte sa bàkkan da koo bëggul

Lu mu la tere it baal te daw wëlis ko, te teet sa bànnex

Mu jubloo wax ne mi ngi lay aaye ngay baril coow akum po ak ree ak gestu bu bari ci kanamam, bu ko def it àndandoo ndare bu daa manul a ñàkk, di deglu ay ndigalam tey teeti tereem ak doonte sa bakkan begu ci.

Bul di dañ di ko di jox i àddiya kem li nga man

Ak doonte lu néew la sax, ngir rekk topp lees wax ne day dooli moom àddiya ag coffeeel

Loo ko gis mu jeng jëm ca, gaawantul dem ca

Te farlu cig jottali ko ko, ndax kat rafetug jëf ma nga ca matal ko

Nanga nekk dib jaam ñeel képp ku aju ci moom ci ñoñ, ñoom ñépp nag

Ànd ceekug wormaal nag, ndax mu sarax la ab xool boo man a ame la nga bëgg

Benn xool bob cofeel bu tukkee cib sëriñ jëm cib taalibeem mooy ngénéel ya tey kawe ga

Nanga nekk fa sëriñ ba niki ab néew bees téral ci kanamu aji sangam, kon de nga jariñu

Boo dee sàkku xam-xam it, nangay sàkku ngérémul aji jàngale ji ngir jëmmi Yàlla

Nanga mel ca sab sëriñ nib jaam, loolu de dina tax nga jot darajay buur yi (dina tax nga doon buur)

Xamal ne njariñ deesu ko am ndare cig màggal ci li ñu wax

Kem ni nga màggale sab sëriñ ngay ame li nga bëgg, ci ngay ame it barke

Ku gérémloowul ab sëriñam, du gérém ab dongaam

Bariwaa na waa jees miin ci xam-xam te kenn jubluwu ko

Yal na nu Yàlla musal ak yeen ci xam-xam bu jariñul ki ko xam

Mu jubloo wax ne mi ngi lay digal ngay àddiyaal sab sëriñ li nga man ak doonte lu néew la sax, te sàkkoo def lépp loo ko gis mu jeng jém ca ci mbir mu mu man a doon, tey farlu ci jottali ko ko, te ngay wormaal mbooleem ñi aju ci moom, moo xam ñoñ la mbaa jaam ak ñu leen moy, ndax sax mu xool la ab xool bob cofeel bu la ci Yàlla man a dimbalee. Xamal ne kem ni aji xamlu ji di maggale aji xam ji lay jariñoo, wa xees na :

Gis naa ne li gën a war ci mbir yi mooy àqi jàngalekat te mooy ji gën a feddaliku ci bépp jullit

Lu yell la deesi àddiyaal ko ay jnniy dérém ngirug teral, ci wenn araf wu mu la jàngal wu nekk

Àggees na ci wax ne moom lees jiital ci àqi waajur ni ko ñenn ñi waxe :

Damay jiital sama àqi ustaas ci sama joj waajur ak doonte xam naa ne yoreel naa waajur wi njekk ak ñeewant

Ndaxte kii mooy aji yar ji ruu gi, teg ruu wurus la, kee nag mooy aji yar ji yaram wi te moom yaram wi am mbuusam la (mi koy ëmb)

Nanga mel fa moom niki néew ci kanamu ki koy sang, mbaa gumba gees di wommat ci yoon wu nekk ci digg géej ni muy toppe aji wommatam, niki lees ko waxe :

Bu la Yàlla tawféexalee ba nga am sëriñub dëgg bu raw ci lefum Haqiqiqa

Rikk nanga jug ci sàkku ngérémam, xeeñtu nammeelam, te ba lépp loo nekkoon bu njëkk

Nanga mel fa moom ni néew fa ka koy sang, da koy wëlbatí fu nekk muy wëlbatiku

Mbokk dëgg ak xarit bu wér ñoo gën a néew luy néew

Mooy lu mel ne waxi ki wuññi lëndëm yi: sa xarit dëgg mooy ki ànd ak yaw

Mooy kiy lor boppam ngir jariñ la, mooy kok bu la jamono njattee

Mu sonnal boppam ngir siggil la, ma ne mooy ki lay nébbal lu ñaaw ngir yekkati la

Tudd naa ciy teggiin am mbooloo mom dina fajal ku ko taqoo mbooleem ay aajoom

Doy na sëkk ci ku ko settantal, aji saafara la ci ku ko jëfe

Dina tegtal boroomum xel, dina ko tegtal banqaasi bunt bii, bu ci royee ànd ceekug toroxlu

Ba mu far matal fànni teggiin yi te bokk na ci yooni teggiinu yi:

Di def li nga gis mu rafet tey ba li nga gis mu ñaaw

Lenn ci ñoom laajees na ko: ku la yar? maanaam koo roy ba mel nii nga mel?

Mu ne damaa dëkke di xool réerug kii nga xam ne ne réeram gi leer na nàññ

Bu ko defee ma koy teet (moytu). Fii la tontu li yam.

